

SERE GRENN

POUKISA W DWE SERE GRENN


Non sèlman sere grenn nan ekonomik, men tou li ede kenbe divèsite biyolojik rekòt, detèminasyon sosyal, ak siyifikasyon kiltirèl nan plant yo. Byodivèsite ede sistèm manje a kenbe kont move kondisyon anviwònman an. Sa a pral pi enpòtan ankò paske kondisyon sa yo vin pi mal ak chanjman klima a. Kèk nan varyete yo ka reziste kont sechrès, lòt ka reziste kont gwo van, ak lòt bagay. Toutotan divèsite jenetik la pi gwo, plis sistèm manje yo pwoteje kont gwo varyasyon ak mank resous yo.

KIJAN POU W SERE GRENN

KONNEN PLANT OU YO: Aprann sou kalite plant ou vle sere grenn yo. Plant anyèl tankou tomat, leti, ak flè pwa, yo fè grenn epi yo mouri chak sezon. Plant ki pran de ane yo, tankou kawòt ak zonyon, sèlman fleri epi yo fè grenn chak lòt sezon, ki vle di ou pral oblije rete tann pou konsève grenn yo. Plant kontinyèl, tankou franbwazyè ak bleyè, fè flè chak sezon men yo ka siviv pou plizyè ane. Matirite grenn nan se yon lòt faktè enpòtan. Gen kèk grenn ki pa rive gen matirite lè yo rive nan pwen pou manje yo e ou gendwa rete tann pou fwi a vin mi anpil. Ou ka itilize enfòmasyon sa a pou w adapte pratik sere grenn ou pou grenn plant espesifik ou vle sere yo.

PLANIFYE POU SERE GRENN: Tomat, pwa, ariko, ak leti yo polinize tèt yo chak ane. Rekòt sa yo se pwen depa pou moun k ap kòmanse sere grenn yo. Ou ta dwe planifye tou pou plante kantite grenn ki pral ba ou yon bon rekòt nan sezon sa a, ki pral varye ant rekòt ak rekòt.

KOLEKTE GRENN OU: Plant la ap gen swa yon fwi sèch oswa yon fwi mouye. Sere grenn ki soti nan fwi sèch ka tou senpleman mande pou rekòlte gous ki gen matirite epi trete yo pou depo. Fwi mouye a mande pou yo retire grenn ki gen matirite nan kò fwi a epi siye yo konplètman.



KIJAN POU W ESTOKE GRENN YO

Bonjan pratik estoke ka pwolonje lavi grenn ou yo. Lè w ap prepare pou w estoke grenn, tcheke si yo gen matirite, si yo pa malad, pa gen bèt ak si yo sèch. Tapresa make grenn yo ak non yo epi anrejistre tout detay ki enpòtan yo. Estoke grenn yo nan yon plas ki fè nwa, ki fre ki pa gen bèt.



PI BON PRATIK

KENBE DOSYE: nòt detaye sou grenn ou sere yo se enfòmasyon ki trè enpòtan pou w kenbe ak grenn yo. Kontwole non plant lan, kantite grenn yo kolekte, dat li te plante, dat matirite, dat yo pran grenn yo ak nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan.

SERE GRENN NAN PLANT KI PI AN SANTE YO: Plant ki pi gwo yo gen plis chans pou yo gen bon grenn. Lè w yon ti jan selektif lè w ap deside nan ki plant w ap kolekte grenn yo ka avantaj pou rezistans alontèm plant ou yo. Sere grenn nan plant ki gen gwo ideyal, koulè, ak gou kapab ede asire ke rekòt ane pwochèn lan pral eritye karakteristik ki favorab yo.

EVITE POLINASYON KWAZE: diferan rekòt nan menm espès yo ka fekonde youn ak lòt, ki lakòz plant yo gen karakteristik ki diferan de plant paran yo. Si w ta renmen kenbe varyete plant ou pi, lè sa a ou ka konsidere izole plant ki nan menm espès yo. Sa mande pou kenbe kèk distans ant plant ki gen varyete diferan nan menm espès la. Distans izolasyon varye baze sou patikularite plant la. Pa egzanp, rekòt ki polinize nan van oswa ensèk (mayi, konkonm, kalbas) yo pral mande pou gen pi gwo distans izolasyon pase rekòt ki polinize pwòp tèt yo (tomat, piman, pwa).



GrowBoston

Sours: Seed Savers Exchange, Seeds Matter, University of Minnesota Extension, Civil Eats. Iilistrasyon pa Olivia Golden

growboston@boston.gov

